



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TOUT SIT VAKSINASYON AN MAS ETA NEW YORK
YO PRAL OUVRI POU VIZIT SAN RANDEVOU POU TOUT ADILT KI ELIJIB YO
APATI 29 AVRIL**

*Yo ankouraje tout founisè vaksen yo menmjan tou pou pèmèt vizit san randevou
pou Nouyòkè ki elijib yo*

Vizit san randevou yo se pou premye dòz yo sèlman

*Sit vaksinasyon an mas ki nan 10 Gannett Drive nan Vil Johnson lan pral deplase
al anndan bilding lan nan menm adrès la, sa k ap pèmèt yo ogmante
kapasite/mwens enpak akòz move tan an*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke apati jedi 29 avril, tout sit vaksinasyon Eta New York yo pral ouvri pou Nouyòkè ki elijib yo pou vaksinasyon san randevou sou baz ke yo ap sèvi moun ki vini an premye yo avan e sa valab pou tout moun. Vizit san randevou yo rezève pou premye dòz yo sèlman epi dezyèm dòz yo dwe pwograme otomatikman apre administrasyon premye piki a. Anplis de sa, yo ankouraje tout founisè vaksen yo menmjan tou pou pèmèt vizit san randevou ak pou Nouyòkè ki elijib yo.

Gouvènè a te anonse tou sit vaksinasyon an mas ki sitiye nan 10 Gannett Drive nan Vil Johnson lan pral deplase al anndan bilding lan nan menm adrès la. Deplasman an pral pèmèt yo ogmante kapasite epi yo pral mwens afekte pa nenpòt kondisyon metewolojik difisil yo.

"Plis gen Nouyòkè ki pran vaksen yo, se pi vit nou pral pote viktwa kont pandemi COVID-19 la epi rebati yon nouvo eta ak ekonomi ki pi bon pou tout moun", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se poutèt sa li enpòtan pou nou fè vaksen an pi aksesib jan sa posib epi bay plis opòtinite pou Nouyòkè yo pran vaksen an. Nouvo aranjman sa a vle di nenpòt ki adilt ki elijib pral kapab ale nan nenpòt sit vaksinasyon an mas epi retounen ak yon piki nan bra yo, sa ki elimine nesosite pou pran yon randevou sou entènèt oswa pa telefòn. Nou pral kontinye travay 24 sou 24, 7 sou 7 pou pote vaksen an nan kominote yo toupatou nan eta a pou tout moun ka benefisye."

Anons sa a ajoute sou efò Eta New York kontinye fè pou rann vaksen COVID-19 la pi aksesib. Nan dat 23 avril, Gouvènè Cuomo te anonse [senk nouvo sit vaksinasyon tanporè](#) san randevou pou travayè boutik, magazen ak makèt Vil New York yo. Sit yo, k

ap sitiye nan toule senk minisipalite yo, ap resevwa yon total 400 dòz yo chak pandan dire egzistans yo, ki enkli dòz ki rezève pou travayè yo.

Prezidan Inivèsite SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "Pandan egzamen fen ane yo ap apwoche e anpil etidyan yo ap prepare pou yo ale lakay yo pou ete a, nou rekonesan ke Eta New York ap agrandi opsyon vaksinasyon pou etidyan yo, sa ki rann li fasil pou yo pran tout dòz vaksen an nèt—kèlkeswa obstak lojistik, jewografik, oswa orè ki kanpe sou wout yo. Apati jedi, Nouyòkè ki gen 16 ane ak plis ka antre san okenn randevou nan nenpòt sit vaksinasyon an mas eta ap dirije—yon chanjman politik ki pral gen yon gwo enpak pou pwoteje etidyan nou yo kont viris sa a ak pou retabli nòmralite otòn k ap vini la".

Nan dat 21 avril, Gouvènè Cuomo te anonse ke apati vandredi 23 avril la, [16 sit vaksinasyon an mas pral aksepte moun san randevou yo](#) pou moun ki gen laj 60 ane ak plis. Gendwa genyen yon tan datant pou moun ki chwazi pa pran randevou nan kèk sit yo depandaman de demann lan. Anplis de sa, tout prèv idantite ak enfòmasyon sou asirans, si sa aplikab, pral nesesè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)